# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–19 जनवरी 2026 — भोजपुरी समाचार

अखिल भारतीय पीठासीन अधिकारियन क छियासीवां सम्मेलन आजु से उत्तर प्रदेश विधानसभा में सुरू हो गइल। लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला उद्घाटन सत्र के सम्बोधित कइलें। एकइस जनौरी ले चले वाले येह तीन दिन के सम्मेलन के दौरान प्रक्रिया, संसदीय परम्परा, सदन क संचालन, सुसासन आ येह समय के विधायी मुद्दन पर पुरहर चरचा हो रहल बा। विधानसभा में आजु सबसे पहिले सचिवन क बइठकी आयोजित कइल गइल। हमरे लखनऊ प्रतिनिधि बतवलें कि पीठासीन अधिकारियन के सम्मेलन के साथे–साथ ओइजा विधायी निकाय के सचिवन क बासठवां सम्मेलनों आयोजित कइल जा रहल बा।

**********

नई दिल्ली में येह बरिस आयोजित हो जा रहल सतहत्तरवां गणतंत्र दिवस परेड में करीब दस हजार खास मेहमान आमंत्रित कइल गइल हवें। रक्षा मंत्रालय बतवले हवे कि ई सज्जो मेहमान नई दिल्ली के कर्तव्य पथ पर आमंत्रित कइल गइल हवें। येह खास मेहमानन में बेस्ट इनोवेटर्स, स्टार्ट–अप्स, सेल्फ हेल्प ग्रुप्स आ सरकार क अलगि–अलगि पहल में बेस्ट परफॉर्म करे वाले लोगि खास तौर पर सामिल हवें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ काल्हि संझा यमुना एक्सप्रेस–वे औद्योगिक विकास प्राधिकरण क्षेत्र के तहत इंडिया चिप प्राइवेट लिमिटेड, एसेंट सर्किट, अंबर इंटरप्राइजेज आ बोधिसत्व चैरिटेबल ट्रस्ट क औद्योगिक इकाई अउर मेडिकल कॉलेज बदे भूमि आवंटन पत्र दिहलें। येह मौका पर निवेसक लोगि मुख्यमंत्री क अभार जतावत कहलें कि लोगि प्रदेस में निवेस बदे उत्साहित हवें। एगो रिपोर्ट–

**निवेशकों ने कहा कि प्रदेश सरकार और यमुना एक्सप्रेस–वे औद्योगिक विकास प्राधिकरण की ओर से हरसंभव सहयोग प्राप्त हो रहा है। इससे अन्य प्रदेशों की अपेक्षा उत्तर प्रदेश में सबसे तेज गति से विकास कार्यों को बढ़ाया जा रहा है। इस अवसर पर मुख्यमंत्री ने उद्यमियों से संवाद करते हुए कहा कि विगत साढ़े 8 वर्षों में प्रदेश ने नीति स्थिरता, सुशासन और त्वरित कार्य निष्पादन के माध्यम से अभूतपूर्व औद्योगिक परिवर्तन किया है। उत्तर प्रदेश आज संभावनाओं से आगे बढ़कर 'परिणामों' का प्रतीक बन चुका है। प्रदेश में निवेश प्रक्रिया को तकनीक के माध्यम से आगे बढ़ाया जा रहा है। समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

वाराणसी के मणिकर्णिका घाट के पुर्नविकास से जुड़ल एआई जेनरेटेड फोटो क जांचि करे बदे पुलिस कमिश्नर मोहित अग्रवाल आजु ओइजा क दौरा कइलें। उहां के पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलीं कि कुम्भा महादेव मंदिर पुरहर तरीका से सुरक्षित हौ। मंदिर में कउनों तरह क तोड़फोड़ नाहीं भइल बा।

**********

कृषि आ किसान कल्याण मंत्री शिवराज सिंह चौहान कांग्रेस पारटी पर 'विकसित भारत– जी–राम–जी अधिनियम' के ले के देस के जनता के गुमराह कइले क आरोप लगवले हवें। नई दिल्ली में श्री चौहान बतवलें कि मनरेगा के तहत कांग्रेस की ओरि से दीहल गइल अधिकार खाली कागजे ले सीमित रहल ।

**100 दिन की बजाए 125 दिन के काम की गारंटी अगर दी है तो विकसित भारत की जी रामजी योजना के अंतर्गत दी गई है, और केवल काम का अधिकार नही दिया। 15 दिनों के अंदर बेरोजगारी भत्ता देना पडेगा। आपने कागज पर अधिकार दिया था, हमने जमीन पर इसको मजबूत करने का काम किया है। यह कानून पूरे देश में एक साथ लागू होगा। कोई भी ग्राम पंचायत इसके दायरे के बाहर नही रहेगी।**

कृषि मंत्री कहलें कि मनरेगा में दस करोड़ सम्पत्ति सृजित कइल गइल, जेहमें से साढ़े आठ करोड़ क सम्पत्ति प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुआई में सृजित कइल गइल हौ। श्री चौहान कहलें कि मोदी सरकार के कार्यकाल में पचीस करोड़ लोगिन के गरीबी से बहरे निकारल गइल बा। उहां के कहलीं कि विकसित भारत–जी–राम–जी अधिनियम में अनुसूचित जाति, अनुसूचित जनजाति, महिला, दिव्यांगजन आ गरीबन के प्राथमिकता दीहल गइल बा।

**********

प्रयागराज में मौनी अमौसा के पवित्तर नहान के बादे येहू बरिस सरधालु ढेरि संख्या में अजोध्या के सरजू नदी में नहा रहल हवें। नहइले के बाद सरधालु हनुमानगढ़ी आ श्रीरामलला क दरसन–पूजन कइ रहल बाटें। सरधालुअन के भारी भीड़ि के देखत प्रसासन सुरक्षा क कड़ेर इंतिजाम कइले हौ।

**********

सुल्तानपुर जिला क एमपी–एमएलए कोर्ट गृह मंत्री अमित शाह पर आपत्तिजनक टिप्पणी के मामिला में लोकसभा में नेता प्रतिपक्ष आ रायबरेली क सांसद राहुल गांधी के बीस फरौरी के पेस भइले क आदेस जारी कइले हवे। कोर्ट आजु कहलस कि पेसी बदे ई उनके आखिरी मौका दीहल गइल बा।

**********

प्रदेस में कुहेसा आ जाड़ा क परभाव बनल बा। प्रदेस के पूरबी जिलन में घाम निकरले के सथहीं गलन भरल जाड़ा से जन–जीवन परभावित बा। मौसम विभाग अजुओ प्रदेस में कहीं–कहीं घना कुहेसा परले क चेतावनी दिहले हौ। सथहीं मौसम के सुस्क रहले क पूर्वानुमान जतवले बा।

**********